



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA NOUYÒK YO POU REKONÈT JOUNEN ENTÈNASYONAL SOUVNI OLOKÒS LA

Yo pral limen 16 moniman an jòn nan aswè 27 janvye a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke 16 moniman atravè Eta Nouyòk pral limen an jòn aswè a, madi 27 janvye, pou rekonèt Jounen Entènasyonal Souvni Olokòs la epi pou onore sis milyon jwif yo te asasinen pandan Olokòs la.

"Nan Jounen Souvni Olokòs la, nou sonje lavi sis milyon Jwif rejim Nazi a te asasine jis plis pase 80 ane de sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, mwen mande tout Nouyòkè yo pou rejwenn mwen pou onore moun yo te pran nan men nou lè nou kanpe kont rayisans, lè nou travay pou geri divizyon ak polarizasyon, epi lè nou fè efò pou derasinen antisemitis nan Nouyòk ak lòt kote."

Yo pral limen 16 moniman sa yo pou onore Jounen Entènasyonal Souvni Olokòs la:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)